




Every cancer. Every life.®

# Tès Laboratwa W Yo

Your Lab Tests – Haitian Creole



Tès laboratwa w yo fèt sou echantyon likid kò oswa tisi pou aprann plis sou kijan kò w fonksyone. Anpil tès laboratwa fèt ak yon ti echantyon san ke yo pran nan yon venn nan bra w. Gen kèk tès ki fèt sou pipi (pipi), matyè fekal (poupou), krache (krache oswa flèm), oswa yon moso nan yon timè. Lòt non ou ka tande ki itilize pou tès laboratwa yo enkli priz san, prelevman laboratwa, oswa flebotomi.

## Anvan randevou w

Anjeneral ou pa bezwen fè anyen pou prepare w pou yon tès san. Mande si w dwe sispann manje, bwè, oswa pran nenpòt medikaman anvan randevou w.

## Nimerasyon Fòmil sangen (NFS)

Youn nan tès laboratwa ki pi komen ki fèt se nimerasyon fòmil sangen, oswa NFS. NFS egzaminen selil san w: globil wouj yo, globil blan yo, ak plakèt yo.

## Bilan metabolik debaz oswa konplè (BMP oswa CMP)

Yon panèl chimik teste kèk sibstans nan san w pou wè kijan ògàn tankou fwa w ak ren yo travay. Li mezire tou elektwolit nan san w, tankou sodyòm, potasyòm, ak kalsyòm.

## Bilan epatik

Tès fonksyon fwa (LFTs) montre fonksyònman fwa w. Fwa w ede nan elimine toksin, dekonpoze medikaman, epi li enplike nan kowagilasyon san. Gen kèk tretman kansè ki ka andomaje fwa a.

## Bilan kowagilasyon

Sa yo se diferan tès pou verfiye kowagislasyon san an oswa risk pou senyen. Anpil tretman kansè afekte san an epi kapab lakòz pwoblèm nan ni senyen ni kowagilasyon san.

## Mo pou konnen

**Anemi:** Ti kantite globil wouj nan san (RBC) ak emoglobin ki ba (HGB)

**Kilti:** Tès ki fèt sou yon likid kò oswa tisi pou wè si li gen bakteri oswa lòt kalite jèm ladann

**Nadir:** Moman kote nimerasyon fòmil sangen yon moun nan nivo ki pi ba apre yon tretman kansè (anjeneral chimyoterapi)

**Negatif:** Yon rezulta tès laboratwa ki pa jwenn kondisyon yo teste an (nòmal)

**Netwopeni:** Kantite netwofil ki ba, selil blan ki pi komen nan san (wbc)

**Pansitopeni:** Gen kantite globil wouj ba nan san (anemi), kantite netwofil ba (netwopeni), ak kantite plakèt ba (twonbositopeni) an menm tan

**Pozitif:** Yon rezulta tès laboratwa ki jwenn kondisyon yo teste an (anòmal)

**Twonbositopeni:** Kantite plakèt ki ba (PLT)

## Kilti

Kilti yo se tès laboratwa sou yon likid kò (tankou san, pipi, oswa poupou) ki verifye prezans bakteri oswa lòt jèm. Etan done enfeksyon kay moun ki gen kansè ka vin pi mal rapidman, tretman yo pafwa konn kòmanse anvan rezulta laboratwa yo pare.

## Kisa ki nòmal?

Entèval nòmal pou tès laboratwa yo kapab yon ti jan diferan de yon laboratwa ak yon lòt. "Nòmal" pou ou ka depann tou de tip kansè ak tretman w ap resevwa. Entèval nòmal pou chak tès anjeneral enkli nan rapò laboratwa w, akote rezulta tès ou an.

## Resevwa rezulta tès laboratwa w

Moun ozetazini dwe resevwa rezulta tès yo osito ke yo pare. Sa vle di ou ka wè rezulta tès ou anvan doktè w.

Si w resevwa rezulta ke w pa konprann oswa ki pa nòmal, ou ka gen estrès ak enkyetid. Ou ta ka vin konnen tou yon nouvo dyagnostik san yon moun pa la pou sipòte w oswa reponn kesyon w yo. Lè w pale ak doktè ki ap preskri w tès yo alavans sa ka ede diminye estrès ki genyen nan resevwa rezulta w yo.

Men kèk bagay ou ta ka vle mande:

- Ki rezulta doktè an espere
- Ki kote ak kilè ou ka jwenn rezulta yo
- Kisa yon yon rezulta nòmal oswa anòmal ka vle di pou ou
- Ki lè ak kijan doktè w lan ap kontakte w pou pale de rezulta w yo
- Ki moun pou rele si w wè rezulta w yo anvan epi ou gen enkyetid oswa kesyon



Pou aprann plis, vizite sit entènèt American Cancer Society a nan [cancer.org](https://cancer.org) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.  
No. HAI088305 Rev. 9/24

